

# BONM SAL

Yon dispozitif k ap gaye patikil radyolojik [radiological dispersal device (RDD)] se yon dispozitif oubyen yon mekanism k ap simaye kontaminasyon radyoaktif. Lè yo itilize yon eksplozif pou pwopaje poud oubyen tigrenn radioaktif, eksplozif konsa, yo rele li bonm sal. Yon bonm sal pa menm bagay ak yon zàm nikleyè — li pa pwodui fòs ekstraòdinè e destwiktif yon bonm nikleyè ta lache.

## KI DANJE PRENSIPAL KI ASOSYE A YON BONM SAL?

Pigwo danje ki genyen nan yon bonm sal se nan eklatman li, ki kapab koze anpil moun blese epi andomaje anpil byen materyèl. Pa gen anpil pwobablite pou materyèl radyoaktif sa yo itilize nan yon bonm sal oubyen RDD ta koze imedyatman maladi seryez ki ta asosye a ekzpozisyon a radyasyon, amwenske moun yo ta estrèmeman pwòch kote eksplozyon an fèt lan. Sepandan, tout viktim sa pousyè radyoaktif yo kontamine, tout viktim ki respire oubyen vale pousyè sa yo, risk pou yo tonbe malad ap ogmante.

## KI MEZI MWEN DWE PRAN POU M PWOTEJE TÈT MWEN, FANMI MWEN, ZANMI AK ZANNIMO MWEN YO, SI NOU NAN VWAZINAJ IMEDYAT EKSPLOZYON YON BONM SAL?

Paske pa gen moun ki kapab wè, pran sant, touché oubyen goute radyasyon, ou dwe imedyatman pran tout mezi pou ou pwoteje tèt ou ak tout moun ou renmen yo. Mezi sa ki pi enpòtan ou ka pran se:

- **Suiv tout direksyon, konsèy ak rekòmandasyon tout otorite lokal ak leta yo ap bay.**
- **Rete ansanm epi di otorite yo ki kote ou ye, bay yo non ou ak non tout fanmi ak zanmi ki akonpaye w. An plis sa, enfòmè otorite yo sou tout blezi ak lòt pwoblèm sante ou ap konstate.**
- **Diminye osi rapid ke posib kantite tan kote ou ekspoze a pousyè oubyen materyèl radyoaktif yo, oubyen kote yo kontamine.**
- **Chècheabri ki pa gen danje pou pwoteje tèt ou, pou ou pa ekspoze a radyasyon yo:**
  - Si ou anndan yon kay, rete la osi lontan kay sa a pa andomaje.
  - Si ou deyò, chèche yon kay ki pa gen danje pou ou abrite ou. Evite antre nan kay ki andomaje.
  - Pwoteje tèt ou anndan kay lan.
  - Fèmen tout pòt ak tout fenèt.
  - Fèmen tout sistèm vantilasyon, sistèm chofaj, è kondisyone, paske van sa yo ka pòte pousyè anndan kay lan.
  - *Pa sòti kite kay ki pa gen danje an osi lontan otorite ki kalifye yo pa di ou kapab sòti.*
- **Diminye kontaminasyon radyoaktif:**
  - Voyerad ki kontamine yo jete, epi kouvri nen ak bouch ou ak yon twal jiskaske ou rive nan yon milye ki san danje, ki lwen bonm sal lan pou ou ka evite respire ak vale pousyè radyoaktif.
  - Ekate tout vètman ki pat sou ou e ki kapab kontamine ak materyèl radyoaktif, epi mete rad sa yo andedan yon sak plastik si ou ka jwenn youn. Sere bagay kontamine yo kote pèsòn pap an kontak ak yo.
  - Apre ou ekate tout vètman sispèk yo, chèche yon kote nan kay lan ki san danje pou ou abrite w.
  - Evite manje tout manje ak bwè tout likid sa pousyè radyoaktif yo kapab kontamine yo. Ou kapab manje manje oubyen bwè dlo ki nan bwat ki byen fèmen yon fwa ou asire ou ou byen netwaye sifas sou deyò bwat yo an pou ou evite kontaminasyon.
  - Premye opòtinite ou ka jwenn, pran yon bon douch, lave tout kote nan po kò ou ki te ekspoze, pou ou ka diminye risk kontaminasyon sou po kò w.

- PIPLIS-



MARYLAND  
Department of Health

Office of Preparedness and Response

Updated 11/2017

## SI OU ANNDAN YON OTO LÈ ENSIDAN AN RIVE AN:

- Fèmen vit ou yo, fèmen tout van pou chofaj ak pou èkondisyone.
- Kouvri nen ou ak bouch ou ak yon twal pou ou ka evite respire pousyè oubyen lafimen.
- Si ou tou prè lakay ou, oubyen ou tou prè yon gwo bilding ki gen biwo, ale la, antre anndan an san pèdi tan.
- Si ou pa ka antre lakay ou oubyen nan yon lòt kay san danje, kanpe machin lan sou kote wout lan nan yon plas ki pètèt pi senesòf. Si se yon jounen ki cho ak bonjan solèy, eseye kanpe machin lan anba yon pon, oubyen yon kote ki gen lonbray.
- Etenn motè machin lan, epi tande kisa radyo ap di ou swiv kòm enstwiksyon.
- Rete la anndan machin lan jiskaske otorite yo anonse ou ke pa gen danje pou ou retounen sou wout lan.

## KISA MWEN DWE FÈ KONSÈNAN PITIT MWEN YO AK RÈS FANMI AN?

- Si tout fanmi an ak tout pitit ou yo ansanm ak ou, rete ansanm.
- Si tout fanmi an ak pitit ou yo nan yon lòt kote, yo dwe rete la jiskaske otorite yo di ou pa gen danje pou ou ale jwenn yo.
- Lekòl yo gen plan d ijans akabri. Si timoun ou yo nan lekòl yo, yo dwe rete la jiskaske pa gen danje pou ou ale chèche yo. Pinga ou al nan lekòl lan anvan otorite piblik yo di pa gen danje pou ou fè sa.

## KIJAN POU M PWOTEJE TI BÈT MWEN RENMEN YO?

- Si ou gen chen, chat ou lòt bèt deyò, fè yo antre anndan si ou ka fè sa san danje.
- Benyen bèt ou yo avèk dlo ak savon pou ou ka anlve tout pousyè radyoaktif sou yo.

## ÈSKE M TAD WE PRAN YODID POTASYÒM?

- Yodid potasyòm ke nou rele KI tou, sèlman pwoteje gland tiwoyid yon moun pou l pa ekspoze a yodin radyoaktif. KI pap pwoteje yon moun pou lòt tip materyèl radyoaktif; li pap pwoteje lòt ògàn nan kò an ki ekspoze a radyasyon an.
- Otorite lokal ak leta yo pral ba ou konsèy konsènan itilizasyon KI apre eksplozyon oubyen ensidan ak yon bonm sal.


## ÈSKE MANJE AK DLO POU N SÈVI PAP GEN DANJE?

- Otorite yo siveye kalite manje ak dlo yo pou evite danje, epi y ap kenbe piblik lan enfòmè sou sa.
- Li byen pwobab ke manje ak dlo pral rete san danje. Sepandan, tout manje ak dlo sa ki te ekspoze deyò yo e ki te prè kote ensidan an rive an, yo kapab genyen pousyè radyoaktif sou yo.
- Manje sa ki fèmen anndan ti mamit oubyen lòt bwat ki byen sele pa pral gen danje pou moun manje yo. Lave deyò bwat sa yo anvan ou manje sa k anndan yo an.

## KIJAN M AP FÈ KONNEN SI M TE EKSPOZE A RADYASYON YO, OUBYEN SI MATERYÈL RADYOAKTIF KONTAMINE MWEN?

- Ou kapab pa konnen si ou te ekspoze. Lapolis ak ajan ponpye yo pral itilize ekipman espesyal tousuit pou yo tcheyeke si gen radyasyon epi detèmine ki kantite radyasyon ki prezan, epitou si radyasyon sa a ka koze danje nan zòn pa ou lan.
- Ekspozisyon a radyasyon ki nan nivo ba (tankou sa ki ka rive nan ka yon bonm sal) yo pa koze okenn sentòm. Ekspozisyon a nivo radyasyon sa ki pi elve yo kapab pwodui sentòm, tankou anvi vomi, vomisman, djyare, ak enflamasyon epi tach fonsè sou po kò moun.

## PLIS ENFÒMASYON

 [preparedness.health.maryland.gov](https://preparedness.health.maryland.gov)

 [facebook.com/MarylandOPR](https://facebook.com/MarylandOPR)

 [twitter.com/MarylandOPR](https://twitter.com/MarylandOPR)

 [health.maryland.gov](https://health.maryland.gov)

 [facebook.com/MarylandDHMH](https://facebook.com/MarylandDHMH)

 [twitter.com/MDHealthDept](https://twitter.com/MDHealthDept)